

Kesyon yo Poze Souvan sou wòl AG pou sipòte demann travayè yo pou aksyon ki difere pou bay pwoteksyon kont revaksyon ki gen rapò ak imigrasyon

Biwo Avoka Jeneral de Massachusetts la (Attorney General's Office, AGO) fè aplike lwa travay yo pou fè pwomosyon jistis ekonomik epi asire dwa travay yo toupatou nan eta a. Envestigasyon efikas sou plent yo ak aplikasyon dwa travayè yo depann de kooperasyon tout travayè, kèlkeswa estati imigrasyon yo. AGO fè aplike lwa travay yo epi pwoteje dwa travayè yo kèlkeswa sitiyaasyon imigrasyon travayè ki afekte yo. AGO pa aplike lwa imigrasyon. **AGO pa poze kesyon sou sitiyaasyon imigrasyon yon travayè, epi AGO travay pou asire ke tout travayè nan Massachusetts pwoteje kèlkeswa sitiyaasyon imigrasyon yo.**

Travayè ki san papyè oswa imigran yo ka pè bay ofisyèl gouvènman yo enfòmasyon paske yo pè ke sa ap mennen nan depòtasyon oswa arestasyon. Pou abòde laperèz sa epi asire aplikasyon lwa nou yo, AGO te devlope yon pwosesis pou sipòte travayè k ap chèche pwoteksyon ki lye ak imigrasyon atravè demann pou aksyon ki difere ak otorizasyon travay ki soti nan [Depatman Sekirite Enteryè Ameriken an](#) (Department of Homeland Security, DHS).

1. Kisa « aksyon ki difere » ye pou travayè yo?

Aksyon ki difere se yon desizyon diskresyonè DHS pou repòte depòtasyon oswa ranvwa yon moun. Nan dat 13 janvye 2023, DHS te anonse ke li t ap konsidere aplikasyon pou aksyon ki difere travayè imigran yo si yo satisfè kritè sa yo:

1. Travayè yo viktim oswa temwen de yon konfli travay / nan plas travay yo;
2. Ajans travay federal, eta oswa lokal la ap mennen investigasyon sou konfli a; epi
3. Ajans travay la te bay yon lèt oswa yon deklarasyon enterè.

Objektif inisyativ sa se te pou asire ke travayè yo santi yo pwoteje pou ka rapòte epi koopere ak investigasyon sou espas travay yo epi pou ankouraje aplikasyon lwa sou travay gouvènman yo. Aksyon ki difere yo bay travayè yo aksè a yon kat travay ak yon kat sosyal. Men li pa bay yon pakou pou sitiyaasyon imigrasyon ki pèmanan.

Travayè ki kalifye yo ta dwe konsilte yon avoka imigrasyon pou detèmine si yo kalifye pou aksyon ki difere epi pou konprann tou risk ki lye ak aplikasyon an. (Gade nimewo 12 la anba.)

2. Èske AGO sipòte demann pou aksyon ki difere pou travayè ki enplike nan dosye AGO yo?

Wi. AGO ka soumèt yon « Deklarasyon enterè » pou DHS si AGO angaje nan yon investigasyon ki aktif oswa aksyon aplikasyon lalwa. AGO ap kontidere demann yo ka pa ka pou yon Deklarasyon enterè kote yon pati nan AGO ap aplike yon lwa travay kont anplwayè ou a. Y ap konsidere dosye yo kote gen yon laperèz pou reprezay ki gen rapò ak imigrasyon ki ta ka anpeche travayè yo koopere ak yon investigasyon oswa aplikasyon lalwa AGO.

¹ Gade Konsèy sou dwa travayè imigran AGO a: <https://www.mass.gov/doc/advisory-on-the-wage-and-hour-rights-of-immigrant-workers/download>

An jeneral, AGO ap soumèt yon Deklarasyon enterè pou yon plas travay ann antye epi li pa site travayè endividyèl yo.

3. Kijan pou mwen mande AGO yon Deklarasyon enterè pou sipòte demann mwen an pou DHS akòde aksyon ki difere a?

Si ou kwè ke AGO gen yon investigasyon aktif oswa aksyon ranfòsman kont mèt travay ou a, ou ka voye yon demann bay SOIrequest@mass.gov avèk sijè “Demann pou deklarasyon enterè.” Yon investigasyon aktif oswa aksyon ranfòsman refere a yon plent oswa akizasyon de yon vyolasyon lalwa ke AGO ap mennen investigasyon sou li oswa aplike lalwa atravè apèl administratif oswa nan tribinal kont mèt travay ou an. Dosye ki fèmen yo p ap kalifye.

Yon travayè, avoka, oswa yon reprezantan ka fè yon demand. Yo ka fè yon demann tou nan non yon gwoup travayè.

Demann yo ta dwe genyen ladan yo kantite enfòmasyon ki posib nan fason sa:

- Non ak adrès anplwayè a;
- Adrès plas travay la;
- Nimewo dosye AGO ak non envestigatè AGO ki nan dosye a, si ou konnen;
- Yon deskripsyon kout de dosye a ak enpak vyolasyon yo sou travayè yo;
- Yon deskripsyon tout reprezay oswa menas (oswa laperès pou sa) ke travay nan travay la ka te temwen oswa eksperimante ki gen rapò ak konfli travay oswa vyolasyon yo ak/oswa sitiyasyon imigrasyon yo;
- Yon moun pou kontakte ki ka reponn ak kesyon swivi AGO yo.

NÒT: Li pa nesèsè pou devwale non travayè endividyèl yo pou etabli ke AGO gen yon investigasyon aktif oswa aksyon ranfòsman. Lè w voye yon demann imèl, ou pa ta dwe disklos:

- Istorik imigrasyon oswa bezwen travayè endividyèl yo;
- Enfòmasyon ki sansib oswa ki ka idantifye pèsònèlman, ki enkli dat nesans, Nimewo Sekirite Sosyal oswa nimewo Imatrikilasyon etranje yo.

4. Lè mwen fin soumèt demann mwen an bay AGO pou yon Deklarasyon enterè, kisa AGO ap fè?

AGO ap deside ka pa ka si pou soumèt yon Deklarasyon enterè pou sipòte yon demann pou aksyon ki difere bay DHS epi li ka kontakte moun ki mande a oswa reprezante li pou plis enfòmasyon. Si AGO deside sipòte demann lan, AGO ap voye Deklarasyon enterè a bay DHS epi bay moun ki mande a oswa reprezantan li yon kopi Deklarasyon an lè DHS aksepte li.

5. Kisa k pase si AGO refize bay yon Deklarasyon enterè?

Si AGO deside pa soumèt yon deklarasyon enterè bay DHS, AGO ap enfòme moun ki mande a oswa reprezantan li nan yon delè ki apwopriye. Deklarasyon enterè yo konplètman pa obligatwa epi

yo pran desizyon sou yo nan fason endividyèl. Si AGO deside pa bay yon Deklarasyon enterè, AGO ap kominike ak DHS sou demann lan. Yon desizyon pou yo pa soumèt yon Deklarasyon enterè pa pral afekte investigasyon travay oswa aksyon ranfòsman pa AGO.

6. Èske lè AGO soumèt yon Deklarasyon enterè sa bay yon estati imigrasyon oswa yon pwoteksyon pou yon travayè?

Non. Lè AGO soumèt yon Deklarasyon enterè bay DHS, sa pa bay estati imigrasyon, ni okenn pwoteksyon imigrasyon ki presi pou travayè endividyèl yo. Men, yon travayè endividyèl dwe mande aksyon ki difere nan fason endepandan nan DHS dirèkteman epi enkli Deklarasyon enterè AGO soumèt nan kad demann sa. Yo dwe voye tout aplikasyon yo bay Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Ameriken (U.S. Citizenship and Immigration Services, USCIS), epi gen yon lis aplikasyon ki dwe ranpli yo ki disponib sou sitwèb li a nan: <https://www.dhs.gov/enforcement-labor-and-employment-laws>.

7. Èske lè AGO soumèt yon Deklarasyon enterè sa garanti ke DHS ap apwouve aksyon ki difere a nan yon dosye patikilye?

Non. DHS genyen sèl diskresyon pou deside si pou egzèsè aksyon ki difere ki gen rapò ak imigrasyon an. Lè AGO soumèt yon Deklarasyon enterè, sa pa garanti ke DHS pral bay aksyon ki difere a nan yon dosye endividyèl.

8. Èske AGO ap chèche aksyon ki difere pou mwen?

Non. Wòl AGO limite pou sipòte demann travayè yo pou demann pou aksyon ki limite lè li soumèt yon Deklarasyon enterè ki eksplike poukisa aksyon difere nan yon dosye patikilye a ta ede yon AGO aktif investigasyon oswa aksyon ranfòsman. Travayè endividyèl yo, oswa avoka oswa reprezantan yo, dwe mande pou DHS egzèsè pouvwa diskresyonè li pou akòde aksyon ki difere a. Pou plis enfòmasyon sou kijan pou mande DHS aksyon ki difere a, vizite: <https://www.dhs.gov/enforcement-labor-and-employment-laws>.

Chak travayè ta dwe konsidere pou genyen yon evalyasyon konplè de yon avoka imigrasyon ki eksprimante pou pi byen konprann kalifikasyon yo ak enplikasyon pou soumèt yon demann pou aksyon ki difere a bay DHS. Anba (kesyon nimewo 12 la) gen enfòmasyon sou kijan ou ka jwenn founisè sèvis legal pro bono (gratis).

9. Èske AGO ap kenbe enfòmasyon ki genyen nan yon demann konfidansyèl?

Pou respekte pratik nòmal AGO yo, nan limit ki posib jan lalwa otorize, AGO ap kenbe demann pou yon Deklarasyon enterè konfidansyèl. AGO ap pataje Deklarasyon enterè yo ak DHS, men an jeneral Deklarasyon sa yo p ap genyen okenn enfòmasyon ki ka idantifye pèsònèlman yon moun, tankou non, dat nesans, elatriye, san pèmasyon yo alavans ak avi.

10. Èske AGO ka bay DHS yon Deklarasyon enterè san li pa resevwa yon demann?

Wi. Kote ki apwopriye, AGO kapab soumèt yon Deklarasyon enterè konsènan yon konfli travay nan yon plas travay pou fè investigasyon oswa aksyon ranfòsman poukont li san li pa resevwa yon demann.

11. Èske gen lòt fòm soulajman imigrasyon ki ta ka disponib pou viktim ak temwen konfli nan plas travay yo?

Gen kèk travayè ki ka kalifye pou lòt soulajman imigrasyon dapre lalwa federal. Pa egzanp, kèk viktim krim ka kalifye pou estati non imigran U (« U viza »), estati non imigran T (« T viza »), ak Prezans kontini. U viza yo bay estati legal pou viktim kèk aktivite kriminel ki kalifye ki te sibi abi fizik oswa mantal ki enpòtan, epi ki gen enfòmasyon sou krim sa, epi ki te itil, ki itil, oswa ki gen chans pou itil aplikasyon lalwa. T viza yo bay estati legal pou kèk viktim trafik imen ki ede otorite aplikasyon lalwa yo nan investigasyon oswa pouswit krim trafik epi ki reponn ak lòt egzijans. Prezans kontini se yon fòm aksyon ki difere ki disponib pou viktim yon fòm trafik moun ki grav ki se yon temwen nan yon investigasyon oswa pouswit krim trafik imen potansyèl.

AGO ka ede kèk viktim ki ede biwo nou an ak yon investigasyon chèche pwoteksyon kont aplikasyon lwa imigrasyon lè li sipòte demann travayè yo pou sètifikasyon viza U oswa T, Prezans kontini, oswa aksyon ki difere. Menm jan ak aksyon ki difere a, yon travayè dwe soumèt aplikasyon sa yo bay Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Ameriken an (U.S. Citizenship and Immigration Service, USCIS). Apre sa, USCIS gen pouvwa pou deside si pou apwouve aplikasyon sa epi deside finalman si pou akòde benefis sa yo. Pou plis enfòmasyon sou viza U oswa T oswa Prezans kontini an, vizite <https://www.uscis.gov/humanitarian/victims-of-human-trafficking-and-other-crimes>.

12. Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

Ou ka voye kesyon sou pwosesis ki souliye anwo yo dirèkteman bay SOIrequest@mass.gov anvan ou soumèt yon demann.

AGO pa ka bay konsèy legal sou benefis ak risk pou chèche aksyon ki difere. Moun yo dwe chèche konsèy sou lwa imigrasyon anvan yo deside si yo vle mande yon Deklarasyon enterè oswa si pou soumèt yon demann pou itilize pouvwa diskresyonè a bay DHS.

Pou yon lis resous: <https://www.mass.gov/service-details/finding-legal-help> ak <https://www.justice.gov/eoir/list-pro-bono-legal-service-providers>